



Osiјè de HCSF

Kòm patnè prefere pou planifikasyon stratejik ki baze nan kominote Miami-Dade ak Monroe County yo, Health Council of South Florida pran angajman pou yo ranfòse epi ede moun avèk nouvo lwa asirans abòdab la.

Misyon

Misyon nou se pou nou se sous done sou sante ak kalite lavi moun ap Mennen, epi analize done sa yo, pou nou se patnè prefere pou planifikasyon pwogram de kalite, jesyon, evaliyasyon, ak sèvis kominote; pou nou facilite kolaborasyon nan Miami-Dade ak Monroe County yo; epi pou yo konsidere nou kòm champyon pou règleman sante o nivo lokal, e nasyonal.

Vizyon

Pou nou se òganizasyon de chwa ki ankouraje entegrasyon, kolaborasyon ak angajman pou amelyore sante ak sou byenèt moun nan kominote nou sèvi a..

Pou plis enfòmasyon sou HCSF lan, couple rele ekip konsèy sante nan 305-592-1452 oswa vizite nou sit entènèt sa:

www.miamidadematters.org/ACA

Pou plis enfòmasyon sou pwogram asirans abòdab nan, oswa Mache asirans nan, pran yon randevou ak youn nan konseye sètifye nou yo, oswa kontakte nou nan nimewo sa a (305) 592-1452.



**Allegany
Franciscan
Ministries**

Supported by:



**MACHE
ASIRANS SANTE
AVÈK OU**

Pou Granmoun

Health Council of South Florida, Inc.
8095 NW 12 Street, Suite 300
Miami, FL 33126
P: 305-592-1452 | F: 305-592-0589
www.healthcouncil.org



Kiyès ki kalifye?

Pou moun ki gen plis ke 65 an

Mache asirans nan pa ofri sèvis ba moun ki gen "Medicare". Mache la se pou moun ki gen mwens ke 65 an ki pa gen asirans, oswa kap chache opsyon asirans konplemantè. Si ou gen plis ke 65 an epi ou gen "Medicare", yo pap penalize ou.

Si ou gen 55 a 64 an

Moun ki pa gen asirans, pa gen ase asirans, oswa pa gen aksè a sèvis santé abòdab dwe revise opsyon yo nan the Mache asirans santé a.

Pandan wap tann "Medicare", gade ki opsyon ou sou Mache an. Dependen kantite kòb wap fè pou ane a, ou gendwa jwenn asistans pou ede ou peye pèman mansuel asirans ou chwazi sou Mache nan avèk lòt depans ou gen pou ou fè kay doktè a. Mache la pral tou verifye si ou kalifye pou lòt pwogram tankou "Medicaid".

Pou plis enfòmasyon sou "Medicare" ak Mache asirans nan, vizite sit sa couple, www.healthcare.gov.

Benefis Asirans Sante

Pa gen moun ki planifie pou yo malad oswa pou yo blese, men pi fò moun ap bezwen doktè ak medsen on jou nan lavi yo kan mèm. Asirans ede moun peye pou frè sa yo, epi li ka pwoteje ou de depans ki twò wo lè ou al lopital ak vizite doktè.

Plan asirans sante ke ou ka jwen sou Makètples nan (ak plan ou ka jwen lòt kote) ofri ou sèvis prevansyon, tankou vaksinasyon ak tchèkòp. Yo menm ap peye on pati medikaman ke yo prekri ou yo.

Dokiman W'ap Bezwèn

Lè ou ap aplike pou asirans sou Makètples asirans nan, wap bay enfòmasyon konsènan ou menm ak moun ki ret nan kay la avèk ou:

- Revni oswa kantite kòb ou fè pa mwa
- Enfòmasyon asirans ou gen kounya
- Kantite moun ki nan kay ou

Enfòmasyon sa yo nesesè tou:

- Nimewo Sosyal Sekirite (SSN)
- Dat fèt ou
- Souch chèk, Fòm W-2, epi lòt enfòmasyon sou revni tout moun nan kay la
- Si ou gen asirans sante deja, nap bezwen nimewo "policy" a ak nimewo manm nan ki sou kat asirans lan
- Enfòmasyon sou asirans sante ke travay ou ofri ou si yo ofri ou menm ak fanmi ou asirans

Pou plis enfòmasyon sou "Medicare", couple vizite sit sa a: www.medicare.gov

Dat Limit Enpòtan

Mache Asirans nan ap gen on peryòd anrolman pou 2014 kap ouvri le **15 Novanm 2014** epi lap fèmen le **15 Fevriye, 2015**.

Kontak

Pou plis enfòmasyon, vizite sit nan www.healthcare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Rezidan Miami-Dade County yo ka vizite sit Miami Matters la:

www.miamimatters.org/ACA



Miami Matters

